

Vwayaj Yunmi ak Halmoni



Yunmi chita nan avyon an e kenbe men grann li. Se te premye fwa Yunmi ak Halmoni tap vwayaje nan avyon. Halmoni te soti an Kore pou yo vin pran swen Yunmi pandan paran li te pral travay. Kounye a Halmoni tap mennen Yunmi an Kore pou l ale wè matant, monnonk ansanm ak kouzen e kouzin li yo. Sa fè lontan Halmoni pa wè yo. Yunmi poko konnen fanmi sa yo. Li te vle tou al selebre fèt grandpè li ki mouri. Chak ane fanmi an ale sou tomb grandpè Yunmi pou yo fete jou fèt li.


Yunmi te trè kontan. Li t al fè paspò l. Li te promèt zanmi li yo Helen ak Anna Marie pou l voye kat postal bay yo. Vwayaj la te long de « New York Citi » pou travèse oseyan Pasifik pou rive nan vil "Seoul." Li te pran katòz èd tan e demi. Halmoni te gen anpil istwa pou l rakonte pandan vwayaj la. Li rale yon albòm foto fanmi l e tap pale sou chak moun nan foto yo. Halmoni di: Tout moun sa yo pral kontan wè ou e yo pral mennen w al wè anpil bèl kote nan vil Seoul."

Lè avyon an ateri, yo kouri sòti byen vit pou yo chyeke paspò yo. Yo mache nan yon liy byen long ki make "Etranje." Liy nan pat sanble li tap mache paske **ofisye imigrasyon** an te pran tout tan l. Se nan liy sa Yunmi te kanpe, tandiske Halmoni te ale nan liy ki make "Nasyonal" la. Yunmi sanble ak Koreyen nan liy nan, men li oblije rete nan liy **etranje** a sa ki fè l santi li trè etranj.

Ofisye ki tap chyeke **paspò** a te di Yunmi “Byenvini nan vil Seoul. Èske ou vin vizite ak Halmoni ou?”

“ Wi, kijan ou fè konnen?” Yunmi mande l.

“Mwen wè ou tap pale ak Halmoni w. ”Se te pwofesè m te pi renmen. Mwen tande li te ale viv nan Ozetazini ak pitit pitit li. Tanpri di li Hojun di l Li byen kontan li retounen.” Halmoni tap rete tann Yunmi, toudenkou yon foul moun kouri vin jwenn yo. Sa ki tap kroke yo, anbrase yo. Halmoni te kontan anpil, li p at ka kenbe dlo nan je li. Finalman yo soti, e yo monte machin monnonk li e kondui ale lakay Halmoni, yon gwo kay an brik ki gen yon bèl baryè an **fèfòje**.



Halmoni



Yunmi

Anndan kay la sè Halmoni t ap tann li ak chat e chyen l. Pandan sejou yo nan Seoul kouzen Yunmi, Jinhi ak Sunhi te mennen yo vizite **palè** yo rele “ Kyong Bok Kung” e monte gwo mach eskalye kote sèlman wa, rènn ak minis nan tan lontan te konn mache. Yo vizite **Mize Nasyonal** kote Yunmi aprann nan setyèm syèk Koreyen te bati “Chomsongdae Observatoty” la yo etidye osijè de zetwal. Li

aprann tou nan trèzyèm syèk Koreyen te premye nan lemond ki envante yon tip metal pou yo enprime liv.

Yo te ale nan “East Gate makèt.” Yon mache nan lari kote yo fè ti gato ranpli ak pwa wouj dous. Jinhi, Sunhi ak Yunmi te achte ti gato yo. E machann yo nan tout lari a tap rele machandiz yo tap vann tankou chosèt, jip an silk, **parasol** nan **likidasyon**. Yunmi te achte de valiz silk; youn wòz e lòt la mòv ak riban nwa pou zanmi li Anna Marie ak Helen. Yunmi tap amize l ak kouzen li yo men li p at fin twò konprann yo lè yo pale Anglè e li menm lè l pale Koreyen kouzen yo ri l, yo di li pale komik.




mache

Depi Halmoni rive Yunmi pa preske wè l. Halmoni toujou sòti e lè li nan kay la kouzen Yunmi yo tout antoure l, yo chita sou janm li pou li bay yo attansyon e afeksyon. Yon jou Yunmi tande kouzen l yo di Halmoni yo pa ta renmen l kite Kore. Yunmi pafwa swete pou tout moun disparèt; konsa la gen Halmoni pou li sèl tankou lè li te ye nan « New York Citi.»

Matant Yunmi ak kouzen l yo vini nan kay la pou prepare gwo piknik yo pral fè sou **tomb** Granpè. Yo pase de jou nan kuizin nan pou yo prepare epis pou **asezonnen** vyann, prepare legim, **doumbwèy** ak gato. Halmoni mande Sunhi pou li pran chaj fè mandoo konsa li ka montre Yunmi fè l tout.

Yunmi wè ki jan Halmoni te pran plezi l ak fanmi an. Yunmi kòmanse ap bay tèt li pwoblèm. “E si Halmoni vle rete an Kore? S ak t ap pase si l pat vle al abite ak yunmi ankò? ”

Le lendemen se dat fèt Granpè. Yo **anbake** tout bagay yo te prepare nan yon kamyon yo te **lwe**. Tout moun monte machin nan e yo ale nan **simityè** kote Granpè te antere a . Sou tout wout la yo t ap chante, chanson Koreyen. Nou rive anba yon mòn, tout moun desann e yo monte anlè tèt mòn nan . Nan mitan plas la se la **kavo** a ye ak ekrito non Granpè, anba l te genyen anpil lòt non. Yunmi te sezi wè non paran ak non pa li. Lè sa li vin sonje Halmoni te di l se yon **koutim** an Kore pou yo ekri lis tout non pitit ak pitit pitit sou **kavo** yo. Pandanstan Halmoni reini tout moun ansann pou yo fè twa gwo **reverans** devan tomb Granpè. Li di, “ Granpè ta kontan pou li wè tout fanmi an ki vin selebre fèt li.” Tout moun chita e



piknik la kòmanse.

Yunmi kon ale nan simityè, li konn wè moun pote flè, fè priyè e rete an silans apre sa yo ale, men an Kore li diferan, pesonn pa kriye e tris.

Yunmi vin ap panse ak sa ki pral rive apre piknik la. “Èske Halmoni ap decide rete?” Hamoni di kay li se New York. Li di Yunmi pou l sonje fanmi Halmoni nan Kore se fanmi Yunmi tou. Yo gen anpil chans paske yo gen de fanmi! Yunmi konnen Halmoni te gen rezon. Konsa Yunmi decide mande kouzen l yo pou yo vin vizite yo nan New York.



Simityè



tonb

Aktivite

Diskite mo vokabilè ak elèv yo anvan lekti istwa a.

Paspò – ofisye imigrasyon – etranje – fèfòje – palè – mize nasyonal – parasòl – likidasyon - tomb – asezonnen – dounbwèy – anbake – lwe – simityè – kavo – koutim – reverans

Mwen Konprann istwa a

1. Poukisa Yunmi te kenbe men Halmoni nan avyon an?
2. Poukisa otè a pale de plan fanmi an pou yo selebre fèt granpè?
3. Kijan Halmoni santi l osijè vwayaj la? Kijan ou fè konnen sa?
4. Poukisa Yunmi ak Halmoni kanpe nan diferan liy? Poukisa Yunmi santi etranj lè kanpe nan liy ki make etranje?
5. Apre mesye a fin chyecke paspò Yunmi li pa santi l se yon etranje ankò...Poukisa?
6. Kijan Yunmi santi apre li fè konesans ak fanmi l yo?
7. Ki difikilte Yunmi ak kouzen yo genyen pou yo kominike youn ak lòt?
8. Poukisa Yunmi swete pou tout moun disparèt?
9. Poukisa Halmoni mande Sunhi pou pran an chaj fè "mandoo"
10. Kijan ou ta dekri relasyon Yunmi ak Halmoni?
11. Ki lide otè a lè l ap konpare esperyans Yunmi ant simityè ameriken ak simityè koreyen yo?
12. Poukisa Yunmi envite kouzen ak kouzin li yo pou yo vin New York?

Ann reflechi sou istwa a

1. Nan fen istwa a kijan Yunmi santi l osijè de fanmi l yo kap viv nan Kore? Esplike repons ou a?
2. Poukisa ou panse selebrasyon fèt Granpè enpòtan yunmi ak Halmoni?
3. Kijan Kouzen ak Kouzin Yunmi nan Kore diferan ak li? Kijan yo sanblab ak li? Itilize detay ou jwenn nan istwa a pou sipòte repons ou a?
4. Ki kote ou panse Halmoni ap pi kontan poul viv? Itilize detay ou jwenn nan istwa a pou sipòte repons ou a?
5. Si yon moun te sòti nan yon lòt peyi pou vin vizit ou, kisa ou ta fè pou l santi li byenvini lakay ou?
6. Tout lè de fè yon vwayaj long Yunmi ak tigason nan istwa "Palòtbò Gran Oseyan an" Kijan ou ta konpare esperyans yo?

Ann nou ekri

1. Anpil moun konn fè ti vwayaj, pale de yon vwayaj ou te fè.
2. Moun tout kote pale yon lang. Èske w konnen ki lang moun ki viv nan peyi sa yo pale

Kore	
Etazini	
Kanada	
Meksik	
Frans	
Brezil	